

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Panalungtikan analisis struktural dina kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa téh ngawengku opat aspék: (1) *téma*, (2) *nada* (3) *rasa* (4) *amanat*. Métode anu digunakeun nya éta déskriptif-analitik. Téhnik nu digunakeun nya éta ngumpulkeun data, ku cara maca sarta neuleuman hal-hal atawa bahan anu raket patalina jeung masalah nu rék ditalungtik. Lian ti éta, pikeun dasar-dasar tioritis anu aya patalina jeung bahan panalungtikan. Dina ieu panalungtikan dipilih 39 sajak nu dimuat dina buku kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa. Tilu puluh salapan sajak anu dipilih diangap ngawakilan jejer anu jadi puseur paniténan dina panalungtikan analisis struktural. Anapon dina hasil panalungtikan struktural kaguar opat aspék dina buku kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa.

Téma nu nyangkaruk dina buku kumpulan sajak *Titimangsa* nya éta ngeunaan kahirupan. Dijeronan ngabahas ngeunaan sagala hal anu pakuat pakait jeung kahirupan, saperti réligi, sosial, jeung cinta dibahas dina ieu buku.

Nada nu kapanggih dina buku kumpulan sajak *Titimangsa*, nya éta nada introspeksi, nada sedih, nada nyindir, nada ngelingan, nada gumbira, jeung nada pasrah. Nada nu kapanggih dina ieu buku bisa dijadikeun eunteung pikeun kahirupan sangkan urang bisa leuwih hade dina kahirupan.

Rasa nu kapanggih dina buku kumpulan sajak *Titimangsa* téh loba pisan aya kana tilu belasna, nya éta rasa waas, rasa kabingung, rasa tingtrim, rasa sadrah, rasa kasedih, rasa kasono, rasa kasieun, rasa kapanasaran, kahariwang, kaduhung, rasa kaambek, rasa kasatiaan, jeung kaleungitan. Rasa nu kapanggih ieu mangrupa gambaran rasa ti *aku lirik* sabot nulis ieu kumpulan sajak, ieu gé mangrupa ékpresi ti *aku lirik* kana ka hirupanana.

Amanat nu hayang ditepikeun ku *aku lirik* dina ieu kumpulan sajak nya éta ngeunaan gumulungna kahirupan, teu sagala hal nu dipikahayang téh teu salawasna kacumponan, loba kénéh hal anu kudu dibenerkeun dina hirup, sangkan ngeunteung kana naon nu geus ku urang dipilampah, nu hadéna teruskeun nu goréngna singkahan.

Ku ayana hal éta, kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa geus mampuh méré gambaran ngeunaan kahirupan. Minangka eunteung, jeung panglipur pikeun nu maca. Karya-karya Abdullah Mustappa ogé mangrupa gambaran kahirupan anu luyu jeung kahirupan masarakat. Éta hal ogé anu dirasakeun ku nu maca, sajak teu ukur méré panglipur, tapi mawa nu maca pikeun neuleuman bag-bagan kahirupan. Ngaliwatan gaya nyaritakeun, gaya ngagambarkeun, pangarang geus hasil nyieun karya nu béda.

5.2 Saran

Sabada panalungtikan ngeunaan analisis struktural dina kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa dilaksanakeun, panalungtik ngarekoméndasikeun sawatara hal anu dianggap perlu ditepikeun. **Masarakat umum**, dirékoméndasikeun pikeun maca jeung ngaprésiasi, ku sabab tina hasil panalungtikan bisa katitén yén ieu karya téh miboga ajén moral anu luhung. **Masarakat akademis**, dipiharep bisa nalungtik medar pasualan aspék sémiotikana dina karya sastra ieu, sangkan leuwih jero tur leuwih mundel.

Ieu panalungtikan murni ngunaan ulikan sastra, sedengkeun nimbang kana hasil panalungtikan nu ngajéntrékeun yén buku *Titimangsa* téh ngandung ajén moral anu luhung, tangtu bisa dijadikeun salasahiji *referensi* bahan ajar di sakola, ku kituna pikeun panalungtik satulunya dipiharep aya lajuning laku tina ieu panalungtikan, nyaéta nalungtik *relevansi* karya *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa kana bahan pangajaran aprésiasi sastra.